

## NEW ESOL STUDENT WELCOME – HAITIAN KREYOL

### **Byenveni, Nouvo etidyan ESOL!**

Bi klas sa yo se pou ede ou aprann Anglè, jwenn travay epitou pou kontinye aprann.

### **Premye etap**

Al enskri nan klas yo bay nan Sant Edikasyon pou granmoun  
Pran egzamen Anglè osinon tès pou lòt ladrès.

### **Defini kisa ou ta vle fè**

Reflechi sou diferan rezon ou vle etidye lang Angle.

1. Jwenn travay
2. Kenbe travay ou
3. Avanse nan karyè ou
4. Etidye nan kolèj osinon etidye nan inivèsite
5. Pou ou ka pale ak vwazen yo osinon ak zanmi yo.
6. Pou ou ka pale ak lòt travayè nan travay ou.
7. Pou ou ka pale ak doktè a.
8. Pou ou ka pale ak profesè pitit ou nan lekòl la.

### **Pwofesè ou kapab ede ou planifye bi ou ak kote ou vle rive nan etid ou.**

### **Ou ap bezwen**

1. Asiste tout klas yo epitou rive alè.
2. Pratike Anglè toulejou.
3. Etidye anpil, ni nan klas, ni deyò klas.

### **Aprann nan klas**

Pwogram ESOL pou granmoun gen twa seksyon. Se pou etidye tout seksyon yo.

1. Ladrès pou travay
2. Ladrès pou viv
3. Ladrès akademik

### **Kontinye Avanse**

Aprè yon tan nan aprann Anglè, ou ap

1. Pran yon tès sou sa ou te aprann yo
2. Al nan yon lòt klas osinon ale nan yon lòt travay
3. Chanje bi kote ou ta renmen rive.
4. Kontinye kenbe kontak ak sant lan apre ou fin ale